
# एतेक खेलौना




ई चित्र देखू आ विभिन्न खेलौनाक संख्या ज्ञात करू।






हाथी  ☐ टैडी बियर  ☐

कार  ☐ गुड़िया  ☐

**बेशी/कम/बराबर आदिक प्रयोग** करैत वाक्यकेँ पूरा करू।

क. गुड़ियाक  संख्या कारक  संख्यासँ _____ अछि।

ख. हाथीक  संख्या गुड़ियाक  संख्यासँ ______ अछि।

ग. टैडीबियरक  संख्या हाथीक  संख्यासँ ______ अछि।


घ. कारक  संख्या टैडीबियरक  संख्यासँ ______ अछि।

© NCERT not to be republished

## रंगीन फूल

अहाँ जाहि फूलसभकेँ बगीचामे बेशी काल देखैत छी,तकर रंग बताउ।

### रंगीन फूल सभहक चित्र देखू आ फूलक संख्या बताउ।

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| नीला फूल |  | | संतोलारंगक फूल |  | |
| समतोला रंगक फूल |  | | बैंगनी फूल |  | |

क. ओहि फूलक रंग बताउ जे संख्यामे कम अछि। ____________

ख. ओहि फूलक रंग बताउ जे संख्यामे बेशी अछि। ___________

### सही वा गलत

क. लाल  फूलक संख्या नीला  फूलक संख्यासँ बेशी अछि।

ख. समतोला रंगक  फूलक संख्या बैंगनी फूलक  संख्यासँ कम अछि।



### परियोजना- कार्य


क. रंगीन फूलक किनारीसँ एकटा कार्ड बनाउ।

ख. पता लगाउ जे अहाँक कक्षामे कतेक बच्चाके नाममे तीनटा अक्षर छै, कतेक बच्चाके नाममे चारिटा अक्षर छैक आ कतेक बच्चाके नाममे चारिटासँ बेशी अक्षर छै?




# पहेली

क. कोपल नीचां देल गेल छविमे नंबर कार्ड व्यवस्थित कएलक आ अनाया चित्रमे जेना देखाओल अछि ओहिना ओकरा बाटीसँ नुका देलक। की अहाँ संख्या चीन्हि सकैत छी?




अहाँ अपन हाथक उपयोग कए नंबर कार्ड पर नंबर नुका सकैत छी आ ई खेल अपन दोस्त सभ संग खेलि सकैत छी।

ख. लॉगक संख्या गिनू। की ई 3 टा लॉग अछि वा 4 टा?




ग. एहि तरहेँ जरीना गिलास व्यवस्थित कएलक। व्यवस्था बढ़यबामे ओकर मदति करू।




____________ ____________


© NCERT not to be republished

घ. एकसँ दस तक संख्या ताकू।

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ए | चा | नौ | च | च | नौ | चा |
| रि | क | द | छ | द | रि | क |
| पाँ | टा | दू | स | दू | पाँ | टा |
| सा | च | छौ | ज | स | सा | छौ |
| आ | त | ती | झ | ती | त | आ |
| श | ठ | न | न | नै | ठ | श |



ङ. देल गेल गेन सभमे एकसँ पाँच तक संख्या भरू जाहिसँ दुनू दिसिक मान बराबर होमय।



© NCERT not to be republished


च.गिल्लूक मनपसंद संख्या आठ छै। जँ पूछल गेल प्रश्नक उत्तर आठ होइत छैक,ओ प्रसन्न भए जाइत अछि आ जँ पूछल गेल प्रश्नक उत्तर आठ नहि होइत छैक,ओ उदास भए जाइत अछि

गुल्लूसँ किछु एहन प्रश्न पूछू,जकर उत्तर मात्र आठ होमय।


छ. बक्सा सभमे △, □ आ ○ एहि तरहेँ भरू कि कोनो आकृति एक पांतीमे (क्षैतिज) आ स्तंभ (ठाढ़) रूपमे एकहि बेर आबए









ज. 4 टा अलग-अलग वस्तु लिय' (प्रत्येक वस्तु 4 टा होयबाक चाही), जेना 4 टा बटन, 4 टा कंकड़, 4 टा बीआ, 4 टा माटिक गेन, आदि। आब ओ सभ चीज देल गेल बक्सामे एहि तरहेँ भरू कि कोनो आकृति एक पांतीमे (क्षैतिज) आ स्तंभ (ऊर्ध्वाधर,ठाढ़) रूपमे एकहि बेर आबए।






की अहाँ कोनो आन तरीकासँ भरि सकैत छी?

झ. हम के छी ? (एकटा ऐना अहाँक मदति कए सकैत अछि।)





© NCERT not to be republished

ञ. हम के छी ?

i. हम 5 सँ 10 के बीचक छी। जँ हम उनटा पढ़ल जाइत छी त' तीन बेशी भए जाइत छी।

ii. हम 8 सँ 3 बेशी आ 14 सँ 3 कम छी।

iii. हम 50 के बाद आ 54 सँ पहिने छी ।हमर अंकक योग 7 अछि।


iv. हम 40 सँ तुरत पहिने के छी।

v. हमरा संग 5 जोड़ू आ अहाँकेँ 24 भेटत।

vi. हम 35 सँ तुरत बाद के छी।

vii. हमरासँ 8 कम करू त' 14 बांचत।

ट. एकटा शून्य बनयबा लेल छौ टा सलाइके काठीक उपयोग कएल जाइत छैक।की अहाँ सलाइके काठीक उपयोग कए कोनो आन संख्या बना सकैत छी?



ठ. हेरायल टुकड़ाक पता लगाउ आ बर्तन पूरा करू।



© NCERT not to be republished

ड. अहॉं पचीसमेसँ कतेक बेर पांच घटा सकैत छी?

ढ. रेणु ल’ग तीनटा बीआ छै।ओ देल गेल चार्टमे तीनटा संख्या पर ओकरा एहि तरहेँ राखए चाहैत अछि जे ओहि संख्याक योग 17 हो।की अहॉं ओ संख्या तकबामे रेणुक मदति कए सकैत छी?


| | | | |
|---|---|---|---|
| 4 | 9 | 6 | 7 |
| 16 | 0 | 8 | 5 |
| 15 | 13 | 1 | 2 |
| 17 | 10 | 3 | 12 |

अहॉं कतेक तरीकासँ ई कए सकैत छी?

जँ अहॉं ल’ग दू टा बीआ हो त’ ओकरा कोन संख्या पर राखब जे ओहि संख्याक योग 17 हो।

ण. चित्रक समान छायाकेँ गोला बनाउ।







© NCERT not to be republished


त. नीचां देल गेल कार्डमे 5 सँ 9 तक संख्या एहि तरहेँ लिखू कि पांती आ स्तंभक योग समान हो।









थ. जोड़ वा घटाव कए केंद्र संख्या प्राप्त करबाक प्रयास करू।




द. चित्रमे सही संख्या लिखू।







© NCERT not to be republished

ध. सरिता ल'ग भिन्न-भिन्न मूल्यक चारिटा सिक्का छै।




49 टका खर्च करबा लेल कमसँ कम कतेक सिक्काक उपयोग हेतै?

न. समतोलाक मूल्य ज्ञात करू।  .




प. आउ,गेन बला खेल खेलै छी।




i. तीन टा गेन एहि तरहेँ चुनू कि ओकर योग 15 हो।

ii. तीन टा गेन एहि तरहेँ चुनू कि ओकर योग सर्वाधिक हो।

iii. तीन टा गेन एहि तरहेँ चुनू कि ओकर योग न्यूनतम हो।

© NCERT not to be republished

टिप्पणी

© NCERT
not to be republished

# टिप्पणी

© NCERT
not to be republished